# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма билим бериў мектеплерин спорт инвентарьлары менен тәмийинлеў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев басшылығында 2021-жыл 27-январь күни өткерилген видеоселектор жыйналысының 5-санлы баянламасында улыўма билим бериў метеплерин спорт инвентарьлары менен тәмийинлеў бойынша берилген тапсырмаларды орынлаў ҳәмде Президентимиздиң 2021-жыл 15-16-апрель күнлери Самарқанд ўәлаятына болған сапары даўамында өткерилген жыйналысында берилген тапсырмалар бойынша 20-санлы баянламасында белгиленген тапсырмаларды орынлаў ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 19-июльдағы 01-05/3-300-санлы хатында келтирилген тапсырмаларды орынлаў мақсетинде **буйыраман**:

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 19-июльдағы улыўма орта билим бериў мектеплерин спорт инвентарьлары менен тәмийинлеў бойынша берилген 01-05/3-300-санлы хаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Төмендегилер:

- 2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплерин спорт инвентарьлары менен тәмийинлеўдиң Мәнзилли бағдарламасы ҳәмде сатып алынатуғын үскенелердиң дизими 1-қосымшасына муўапық;
- 2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплерине спорт инвентарьларын техникалық талаплар бойынша қабыл етиў комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинен 2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплерин спорт инвентарьларын техникалық ҳәм мәмлекетлик стандарт талаплары тийкарында сатып алыў хәм қабыл етиў комиссиясы қурамы баслығы етип Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министр орынбасары (Ш.Таджимуратов), Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министр орынбасары ў.ў.а (И.Балтабаев) ҳәм Өзбекстан “Ёшлик” ДТСЖ Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов) исши топар баслығы орынбасарлары етип тайынлансын.

4. Комиссия қурамына улыўма орта билим бериў мектеплерин спорт инвентарьлары менен тәмийинлеў бойынша оларға қойылған талаплар тийкарында Өзбекстан Республикасының “Мәмлекет саўдалары ҳаққында”ғы Нызамға муўапық, мәмлекет саўдаларын әмелге асырыў ўазыйпасы жүклетилсин.

5. Бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова)не:

- 2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплерине спорт инвентарларын норматив талаплар тийкарында сатып алыў бойынша шәртнамалар дүзиў ҳәм усы шәртнамаларға муўапық төлемлерди өз ўақтында әмелге асырыў сатып алынған спорт инвентарларын район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине тарқатып берилген актлерин рәсмийлестириў ўазыйпасы жүклетилсин.

6. Министр орынбасары ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы, “Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик” бөлими (И.Балтабаев), Өзбекстан “Ёшлик” ДТСЖ Қарақалпақстан бөлими (Б.Байниязов)не:

- сатып алынған спорт инвентарлар ҳәм үскенелерди қабыл етип алыў, жеткерип берилген үскенелердиң техникалық талапларға сәйкес рәўиште қабыл етилиўин тәмийинлеў, халық билимлендириў бөлимлерине бөлистириў иләжларын әмелге асырсын;

- 2021-жылда улыўма билим бериў мектеплерине сатып алынып атырған спорт инвентарьларын жеткерип берилиўи бойынша мониторинг жумысларын алып барыў ҳәм әмелге асырылып атырған жумыслар бойынша Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине мағлыўмат киритип барыў ўазыйпалары тапсырылсын.

6.Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң орынбасары ў.ў.а И.Балтабаевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «23» - Июль
178 -санлы буйрық

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл «23» Июль
178 -санлы буйрығына
2-қосымша

**Улыўма билим бериў мектеплерин спорт инвентарьлар менен тәмийинлеў бойынша исши топар**

**Қ У Р А М Ы**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Ш. Таджимуратов | - | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министр орынбасары, исши топар баслығы |
| 2. | И. Балтабаев | | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри орынбасары ў.ў.а, исши топар баслығы орынбасары |
| 3. | Б.Байниязов | | Өзбекстан «Ёшлик» ДТСЖ Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары, исши топар баслығы орынбасары |

**Комиссия ағзалары:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 4. | Г. Бекмуратова | - | «Бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими баслығы, ағза (бас есапшы) |
| 5. | М. Даулбаев | - | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрилиги, кәсиплик-аўқам комитети баслығы, ағза |
| 6. | С. Атамуратов | | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрилиги, бас юрисконсульти, ағза |
| 7. | Р.Танирбергенов | | Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими баслығы, ағза |